

# NYC Resous Sante Mantal

Tout rezidan New York ka jwenn aksè nan divès **kalite sèvis sante mantal gratis ak konfidansyèl nan telefòn oswa sou entènèt**. Si ou menm oswa yon moun pwòch ou bezwen sipò, kontakte pwogram yo ki anba a.

**NYC Well**: Kounye a la, se yon bagay ki rive souvan pou moun santi yo sou presyon, akable, tris, kè soti, oswa pè. Gen èd gratis ak konfidansyèl disponib pou konseye pwofesyonèl 24 sou 24, nan plis pase 200 lang.

- Pou konsèy pou jere pwoblèm estrès sa yo, ale sou sitwèb NYC Well la nan [nycwell.cityofnewyork.us/](https://nycwell.cityofnewyork.us/)
- Si sentòm estrès oswa kè sote ou yo akablan, ou ka pale ak yon konseye 24 sou 24 lè ou rele **1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)** oswa tèks "WELL" bay 65173

## **Sipò pou moun ki viktim krim, vyolans, oswa abi.**

- Pou planifikasyon sekirite imedyà, èd akabri, sipò sante mantal, oswa lòt resous, rele li dirèk 24 sou 24 Safe Horizon lan nan **24 sou 24 nan 1-800-621-4673** oswa tchat ak yon reprezantan nan Safe Horizon nan [safehorizon.org/safechat](https://safehorizon.org/safechat)
- Pou resous pou ede tèt ou oswa yon pwòch ki viktim vyolans mennaj, vyolans domestik, oswa vyolans kont yon moun poutèt sèks li, ale sou **Love is Respect (Lanmou se Respè)** [loveisrespect.org](https://loveisrespect.org) oswa **Day One (Premye Jou a) nan dayoney.org**.

**Sipò pou elèv ak fanmi yo.** Sipò ak resous sante mantal disponib pou tout elèv ak fanmi pandan pandemi COVID-19 la.

- Mande Kowòdonatè Paran, Travay Sosyal Lekòl, oswa Konseye Gid ou a pou jwenn plis enfòmasyon, oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/schoolmentalhealth](https://nyc.gov/schoolmentalhealth) pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn aksè nan sèvis sante mantal a distans ak lòt sipò sante mantal a distans.

## **Sipò pou moun moun ki te nan pwoblèm ak lajistis ak fanmi yo:**

- Ale sou <https://tinyurl.com/guideforjusticeinvolved> pou jwenn resous sante mantal ki ka ede moun ki gen pwoblèm ak lajistis, moun ki gen pwòch yo ki te nan prizon oswa ki nan prizon, ak moun k ap okipe timoun ki nan prizon epi jwenn sipò pandan pandemi COVID-19 la.

Sipò pou moun aje k ap viv New York yo:

- Si ou santi ou sèl oswa ou izole oswa ou gen kesyon konsènan sèvis sante matnal ou resevwa kounye a nan Depatman Moun Aje nan Vil New York (NYC Department for the Aging), rele liy dirèk la nan **212-AGING-NYC (212-244-6469)**. Liy dirèk Aging Connect la bay enfòmasyon pou moun k ap okipe moun yo.

Jwenn lis konplè sèvis sante mantal ki disponib pandan Rezidan New York yo rete lakay yo pou sispann pwopagasyon kowonaviris la nan [nyc.gov/mentalhealth](https://nyc.gov/mentalhealth)

Haitian Creole